



Sesyon Enfòmasyon pou Paran Elèv Lekòl Mwayen



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



AJANDA

- Prezans/Absans
- Kominikasyon ak *SIS Gateway*
- Egzamen nan Tout Eta Florid
- Estrateji pou Pran Tès
- Pwomosyon ak Nòt nan Lekòl Mwayen
- Kanè Lekòl Segondè
- Resous pou Elèv K ap Aprann Lang (*ELLs*)
- Sante Mantal ak Byennèt



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



Règleman ak Pwosedi sou Prezans/Absans pou Elèv Lekòl Mwayen

- Elèv lekòl mwayen yo dwe prezan pou yon minimòm 90 poustan nan tan klas la pou yo jwenn yon nòt pasaj nan yon kou lekòl mwayen.
- Elèv ki absan plis pase 10 poustan nan tan klas yo kapab jwenn yon nòt pasaj nan montre metriz nan fason sa a:
 - Jwenn yon nòt minimòm "D" pou trimès la; epi
 - Reyisi nan evalyasyon trimestriyèl avèk yon nòt minimum "D".
- Elèv ki demonstre metriz yo avèk siksè ap resevwa nòt yo te fè a epi yo p ap konte evalyasyon peryòd la nan nòt la. Elèv ki pa montre metriz pral resevwa yon "F" pou trimès la.
- REMAK: *Elèv ki pa jwenn yon nòt minimòm "D" pou trimès la kapab demonstre metriz lè yo pase evalyasyon trimestriyèl la avèk yon nòt minimòm 70% jan yo endike nan Seksyon Opsyon pou Ratrape Kou nan Lekòl Mwayen. Elèv ki demonstre metriz avèk siksè atravè evalyasyon trimestriyèl la pral jwenn yon nòt D pou peryòd nòt sa a. Règleman prezans/absans nan lekòl segondè a aplike lè yon elèv nan lekòl mwayen enskri nan yon kou kredi nan lekòl segondè.*



Kominikasyon nan DE (2) sans

Kominikasyon ant fanmi ak lekòl nesesè pou reyisit elèv. Elèv bay meyè randman akademik lè paran yo jwe yon wòl aktif nan edikasyon ptit yo. Opòtinite pou Kominikasyon nan de (2) sans enkli:

- Konferans Paran
- Jounal kotidyen elèv/verifikasyon katab chak semèn oswa chak mwa
- Òganizasyon Paran-Pwofesè oswa konsèy kominote lekòl
- Apèl telefonik
- Imel oswa sit entènèt lekòl
- Fè sèten ou tcheke nòt ptit ou ak pwogrè li nan Sistèm Enfòmasyon Elèv la (SIS) Gateway



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



SIS GATEWAY

Sistèm Enfòmasyon sou Elèv (SIS ann anglè)



- Jwenn orè, devwa, rapò sou evalyasyon, nòt, ak prezans/absans
- Voye imel bay Pwofesè
- Elèv yo genyen aksè nan *SIS Gateway* atravè senbòl ki disponib nan pòtay Distri a pou elèv yo
- Paran yo enskri sou *SIS Gateway* pou genyen yon kont nan itilize yon adrès imèl ki aktif ak yon kòd aktivasyon lekòl la bay yo
- Yo ankouraje paran yo pou revize enfòmasyon pitit yo sou *SIS Gateway* yon fason regilye pou anpeche ti pwoblèm akademik vin tounen gwo pwoblèm



Kalandriye Egzamen Prentan nan Tout Eta a pou Elèv Lekòl Mwayen

| Egzamen | Elèv la te teste nan: | Dat Tès yo |
|--|--|------------------------------|
| Lèkti FAST ak Matematik, Twazyèm Egzamen Evalyasyon ("PM3") | Klas 6 - 8 ^{yèm} Ane | 15 avril – 31 me 2024 |
| Evalyasyon Konpreyansyon ak Kominikasyon nan Anglè <i>State-to-State</i> pou Elèv k ap Aprann Lang Anglè ACCESS for ELLs | Elèv ELL Klas 6 ^{yèm} - 7 ^{yèm} , 8 ^{yèm} | 22 janvye - 15 mas 2024 |
| NGSSS Enstriksyon Sivik Fen Kou (EOC ann anglè) | Elèv ki enskri nan kou | 1 ^{ye} – 31 me 2024 |
| NGSSS Syans | 8 ^{yèm} Ane | 1 ^{ye} – 31 me 2024 |
| B.E.S.T. Fen Kou (EOC ann anglè) ● Aljèb ● Jeyometry | Elèv ki enskri nan kou | 1 ^{ye} – 31 me 2024 |



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



Fason Pou Ede Ptit Ou a Prepare pou Egzamen nan Tout Eta a

Avan tès la

- Revize enfòmasyon yo te voye lakay ou konsènan orè tès yo ak fason pou ede prepare ptit ou a pou tès la.
- Ede ptit ou a nan domèn ki difisil pou li nan fè plis pratik.
- Pale ak pwofesè ptit ou a si w genyen enkyetid konsènan tès la oswa sitiyasyon tès la.

Nan Jou Egzamen an

- Asire w ptit ou a byen dòmi epi l manje yon bon dejene.
- Asire w ptit ou pare avèk materyèl ki nesesè, tankou kreyon, gòm, kalkilatris.
- Rete pozitif ak kalm pou redui chans enkyetid poutès la.

Apre Tès la

- Pale ak pwofesè ptit ou a si w genyen kesyon sou rezulta tès yo.
- Repase tès yo ak ptit ou a, espesyalman nenpòt pati li pa t konprann.

Sou yon baz kotidyen

- Ede ak devwa lakay.
- Ede devlope bonjan abitid etid, teknik refleksyon, ak atitud pozitif anvè edikasyon.
- Garanti bon prezans.
- Kominike ak pwofesè yo.
- Ankouraje lekti pou ogmante vokabilè.



Kondisyon pou Pwomosyon nan Lekòl Mwayen

Pou yon elèv kapab pase soti nan lekòl mwayen pou rive nan lekòl segondè, yo dwe konplete avèk siksè kou sa yo:

- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo* nan Kominikasyon Oral/Ekri.
- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo* nan matematik.
- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo* nan syans.
- Twa kou lekòl mwayen oswa pi wo* nan syans sosyal.
 - Youn nan kou syans sosyal sa yo dwe Sivik. Gen yon egzamen fen kou estandadize pou Sivik nan tout eta a elèv dwe pran epi k ap konte pou 30% nòt elèv la pou klas la.

**Li kapab genyen ladan kou lekòl segondè pou kredi lekòl segondè.*

Yo jwenn egzijans legal pou edikasyon fizik (yon semès chak ane) nan seksyon 1003.455 Lwa Florid yo.



Nòt nan Lekòl Mwayen

- Yo detèmine nòt peryòd yo avèk plizyè mezi, ki enkli devwa nan klas, devwadmezon, egzamen, tèst, ak/oswa kwiz.
- Kalkil nòt final yo:
 - Kou tout yon ane = mwayèn nòt nan chak kat peryòd nòt nèf semèn yo
 - Kou ki dire yon semès = mwayèn nòt de (2) peryòd yo
 - Kou ak yon Evalyasyon Fen Kou (EOC), tankou Sivik = Mwayèn kat peryòd nòt konte kòm 70% ak Sivik EOC kòm 30%
- Elèv yo dwe genyen 4 « Pwen Kalite » pou chak domèn avan oswa nan fen kou a.
A = 4 pwen kalite (eksepsyonèl)
B = 3 Pwen Kalite (Pi wo pase Mwayèn)
C = 2 Pwen Kalite (Mwayèn)
D = 1 pwen kalite (Pi ba nivo ki akzeptab)
F = 0 Pwen (Echèk)
** Kou ratrapaj se yon opsyon pou elèv ki fè yon F nan yon peryòd nòt yon kou nan lekòl mwayen nan komunikasyon oral/ekri, matematik, syans, ak/oswa syans sosyal.*



Kanè Segondè

Nou kapab wè nòt yo, kanè yo ak enfòmasyon adisyonèl nan pòtal elèv yo ak sou *SIS Parent Gateway*

| Peryòd | Distribisyon Kanè |
|--|----------------------------|
| 3 ^{yèm} Trimès 09/01/24 - 15/03/24 | 1 ^{ye} avril 2024 |
| 4 ^{yèm} Trimès 26/03/24 - 30/05/24 | TBD/Yap anonse I |



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



Sipò ak Resous pou Elèv k ap Aprann Anglè (ELLs)

Yo bay sèvis ki apwopriye pou tout elèv ELL, baze sou konpetans nan langaj chak elèv daprè yon Plan Endividiyèl ELL

- Sipò pou lang ki enkli nan lesон yo, baze nan lekòl la.
- Kolaborasyon avèk pwofesè ESOL, Fasilitatè Lang Kominotè (CLFs), ak pwofesè klas yo garanti elèv yo resevwa akomodasyon ak abilte yo vize selon Plan ELL yo.
- Lekti ak Ekriti ak pratik lang ki baze sou teknoloji anliy.
- Aksè nan Glosè Mo pou Mo.
- Elèv kapab jwenn aksè nan diferan aktivite aprantisaj anba la a, sou entènèt lè yo konekte nan pòtay yo.



Sante Mantal Adolesan

Sante Mantal se abilte nou pou nou viv byen, genyen rapò ak lòt moun, ak relve defi. Rekonèt siy enkyetid emosyonèl oswa konpòtmantal kapab ede w detèmine ki lè pou w chèche èd konsa ptit ou a kapab atenn tout potansyèl li.

Ipèaktivite oswa
ajitasyon

Refize pou ale lekòl oswa
pou patisipe nan aktivite
nòmal

Retrè nan sitiyyasyon
sosyal

Chanjman nan abitid
oswa konpòtman
iregilye



Rediksyon nan pèfòmans
lekòl

Ogmantasyon plent
fizik

Anksyete oswa enkyetid
konstan



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE

Resous Pou Byennèt

Sipòte timoun nan nan tout domèn mande yon apwòch ann ekip. Sipò emosyonèl ak pou konpòtman pwomouvwa rannman akademik, sante mantal, ak byennèt sosyo-emosyonèl.

- Pwofesyonèl ki byen antrene epi ki kalifye tankou Konseye Lekòl, Sikològ Lekòl, ak Pwofesyonèl Sante Konpòtmantal Lekòl, yo resevwa fòmasyon nan sante mantal pou Jèn pou rekonèt premye siy maladi mantal ak detrès.
- Pwofesyonèl sante ak terapis ajans ki lokalize nan kominote a fè entèvansyon terapeutik. Yo egzije konsantman paran avan ptit ou a resevwa sipò terapeutik kontini.
- Fasilitatè Sèvis Sosyal yo sipòte elèv ki gen yon kriz sante mantal epi kolabore avèk ajans ki gen Akò sou Sante Konpòtmantal.
- Lè w genyen pwoblèm konsènan sante mantal, kontakte Konseye, Sikològ lekòl la oswa Pwofesyonèl Sante Konpòtman nan lekòl ou a ki kapab konekte w avèk resous lekòl ak kominotè. Pedyat ptit ou tou kapab bay yon rekòmandasyon pou wè yon pwofesyonèl sante mantal.

Li OK pou OK. Li OK pou pa OK. Li OK pou Mande èd.

Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education



EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE



Kesyon . . .



The Department of Multicultural Education (Haitian Creole) Translation Team certifies that this is a true and faithful translation of the original document. (561) 434-8620 –February 2024 –CY24-1030



Copyright 2024 by School District of Palm Beach County, Department of Multicultural Education

EDUCATE • AFFIRM • INSPIRE

